# Unoziva Here Nhoroondo yeKereke?

NavaJ. C. Choate



**Unoziva Here Nhoroondo yeKereke?**

**NavaJ. C. Choate**

- **Chii chinonzii Kereke?** "[Mwari] ... *ndiwo muviri wake, kuzara kwaiye unozadzisa zvose munavose"* (vaEfeso 1:23).
- **Misoro mingani iri pamiviri vaKritsu? Miviri mingani ine musoro mumwechete?** "*Kune **muviri mumwechete**"* (VaEfeso 4:4).
- **Hukama vakadii uripo pakati pemaKritsu naKritsu?** *Zvino, imi muri muviri waKristu, nomumwe, nomumwe mitezo yawo.* (1 Vakorinte 12:27).
- Kubva pamubvunzo uyu nemhinduro inovanikwa muBhaibheri, tinokwanisa kuona kuti, saMwari zvaangori neMwanakomana mumwechete oga, Mwanakomana angori nemuviri mumwechete, kereke imwe, mwenga mumwechete, ushe humwechete, mhuri imwe. Mukuverenga Testamente Itsva kubva kuna Mateo kusvika kuna Zvakazarurwa, unoona kuti MUMWECHETE. Hurongwa vaMwari pamusoro pekereke huripachena; hurongwa hwake hwekuzvarwa muMhuri huri pachena; zvaanoshuva kuti timuitire mukumunamata kwake zvakanyorwa pachena; mhando yekumunamata nayo, basa, raanoda kuti riitwe kukereke sezvairi uye kudunga munhu zviripachena. Hakuna kupikisana pazvinhu izvi mushoko rake kwatiri.
- **Kana Mwari vakada kubatana muzvinhu zvose,** chii chakuitika kuti kuitike kupesana, kwese kwatinotarisa, pakati peavo vanozviti vatendi vanotenda muna Kritsu? Sei kuine makereke akawanda, achidzidzisa zvidzidzo zvakasiyana, akatakura mazita akasiyana?

Satan ndiye mhandu huru yaMwari. Akazama kumisa hurongwa hweruponeso hwevano kubudikidza nokuuraya Kritsu. Asi, mukushamisika kwake, kufa kwaakaita kwakaunza ruponeso!

Saka zvino nderipi rimwe zano rasatan? Ndeyekushanda kubudikidza nomunhu, nekuzvikudza kwake, nemumifungo yepfungwa dzake, kupesanisa kwavo, mukuda kwavo kuzvifadza kudarika kufadza Mwari - uye magumo azvo kupesana pakati peavo vanozvidana kuti maKritsu.

Mukutanga kwemakore emazana, Pauro anonyora kukereke yepaKorinte, achiwatuka mukutsuura nokuda kwekuzvidana nemazita avanhu (1 Vakorinte 1). Aripo here makereke nhasi anodanwa nemazita avanhu kana akatumidzwa navanhu akawatanga?

Pane kumwe kupesana mumakore emazana ekutanga zvichikonzerwa nekusiyana kwedzidziso. Vamwe ndevekereke yevanhu vanozviti vanoziva zvose; vamwe vacho maMacionate; vamwe vakava maMonotanist; maArianist ane dzimwe dzidziso dzakasiyana. Rinova dambudiko kuvanhu kuti vakwanise kuisa Mwari kumberi pamufungo vavo nemaonero avo.

Munechenjedzo zhinji muTestamente Itsva kuti kutsauka pakutenda kuchavepo uko kuchasvika pakupatsanura ruzhinji rwekereke ( kwete vose, nokuti chivimbiso chakaitwa naKritsu pamwe nekubudikidza nezvainge zvambotaura muchiporofita kuti kereke haife yakaparadzwa: Mateo16:18; Daneri 2:44). Muna Timotio 4:1-3, Pauro anonyora zvimwe zvezvikanganiso zvaifanirwa kudzidziswa: "*Zvino Mweya unoreva pachena, kuti panguva dzinovuya vamwe vachatsauka pakutenda, vachiterera mweya inonyengera nedzidziso dzemweya yakaipa, vachinyengerwa navanoreva nhema, vakapiswa pahana dzavo nedare rinopisa,* ***vachidzivisa vanhu kuwanana****, nokuraira kuti* ***zvimwe zvokudya zviregwe; ....".***

Kunze kwekukanganisika uku kwedzidziso, uye kusimudzirwa kwevanhu kuva mabhishopi anoiswa kuva nemasimba pazvinzvimbo kunze kwekungova vatungamiri bedzi, pamusoro *pesangano rimwe rakazvimira*, kutsauka pakutenda kukakura pakati pavo zvakasakisa, kuvambwa kwemamwe makereke: kereke yechiRoma inonzi Katoriki yakatumidza "Popu" vayo vekutanga muna 606.

Muna 1054, kusiyana kwedzidziso, pakati peboka rechiRoma neboka remaOrthodox

anowa mapoka ekereke yeKatoriki ainge achikura akasvika pakupesana.

Nechepakati pegore rekuma __1500, varume vaiva muEurope vakasumuka vachirwisana nehuori nekukanganisa kwemaRoma, vakagadzira "sekete" kereke. Makereke aya akatanga kudanwa nemazita evatangi vadzo zvichienderana nedzidziso dzavo dzavo.

Cherechedza ndima inotevera kuti uzive zvizhinji pamusoro pemapoka emasekete.

**MAVAMBO EMAMWE MASEKETE**

| Zita | Muvambi | Nzvimbo | Zuva |
|---|---|---|---|
| Roma | na Borniface III | MuRoma | 606 |
| Kereke yeLutheran | naMartin Luther | KuAugsburg Germany | 1520 |
| Kereke yepresbyterian | naJohn Calvin | MuSwitzerland | 1536 |
| Kereke yeAnglian | King Henry VIII | KuEngland | 1535 |
| Kereke yeBaptist | naJohn Smythe | KuHolland | 1607 |
| Kereke yeMethodist | naJohn Wesley | MuLondon, England | 1729 |
| Kereke yeEvangelical | naJacob Albright | KuPennsylvania, U.S.A. | 1803 |
| Kereke yeMormon | naJoseph Smith, jnr. | MuNew York, U.S.A. | 1830 |
| Kereke yeSevethday Day Adventist | naWm. Miller | KuMassasuchetts, U.S.A. | 1830 |
| Kereke yeJehovha's Witnesses | naCharles Russell | MuPennsylvania U.S.A | 1872 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Kereke yePentecostal Holyness | neBoka | South Calolina, U.S.A. | 1898 |
| Kereke yeAssembly of God | Boka | Arkansa U.S.A., | 1914 |
| Kereke yeChristian | Boka | Muguta reKansas, OM, U.S.A. | 1906 |
| Kereke yeCommunity | | | |

Munhoroondo yehurongwa hweKatoriki, munhu aionekwa semunyengeri seavo vasina kuteera vakuru vavo munguva yekutsauka mukutenda kwavo. Zvisinei, huwandu hweMaKritsu nemakereke aKritsu ainge ari mashoma, asi vainge vari Makritsu ainge akatendeka kubva pakutanga kwekereke muna AD 33.

Mumakore emazana makumi nemanomwe (1700) varume vaive muEurope neAmerica vanoti " *kuvandudzwa* hakuna kuitwa zvakakwana". Tinofanirwa kudzokera muBhaibheri kuti *tindodzorere* pakati pedu chikirisitu cheTestamente Itsva mukururama kwacho, kuita sezvazvainge zvakaita mumakore ekutanga anezana, kuti tiwe vana vesangano rimwechete rakatangwa nekusimbiswa naKritsu." Nokudaro, vanhu vakachenjera vanozvitsaurira mukuverenga Zvinyorwa, nekukwanisa kuongorora musiyano uripo pakati pezvavanenge vachiverenga nedzidziso dzinodzidziswa mumasekete mavanenge vachibata vari. Vakawa vakavimbika mukutevera Bhaibheri, nekubhabhatidzwa mumuviri vaKritsu, nekutanga Kereke yaKritsu kwose kwavanogara. Tinoramba tichiita chikumbiro ichi.